लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# पहिला पुर्नरुत्थान पव



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest; Alastair Paterson

अनुकूलित: Lyn Doerksen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

उ औरत आवाज से भरल पहाडी पर खडा रहली, उनकर उदास आँख एगो भयानक नजारा देखत रहे । ओह माँ के बेटा मरत रहलन ।



उ माँ कोई और ना बल्कि
मरियम रहली, आ
ओह जगह के
नजदीक खडा
रहली जहाँ
यीशु, क्रूस
पर कील
से ठोंकल
गईल
रहलन ।





इ सब कईसे भईल ?
यीशु आपन एतना
सुन्दर जिन्दगी एतना
खराब तरह
से कईसे
समाप्त कर
दिहलन ? ई वर कईसे
आपाना बेटा के कूस
पर कील से ठोंके
दिहलन, आ मरे दिहलन ?



का यीशु ना जानत
रहलन की उ के
रहलन ? का
ईश्वर
आपाना
योजना
असफल
रहलन ?



ना ! ईश्वर आपाना योजना में असफल ना रहलन । यीशु भी कवनो गलती ना कईलन । यीशु जानत रहलन कि उ बदमाश लोगन के द्वारा मृत्यु पइहन ।



ईहा तक कि
जब यीशु लईका
रहलन, उ बुढा
आदमी सीमोन
मरियम से कहले
रहलन कि आगे के
जीवन में बुरा दिन
आवे वाला बा ।

यीशु जब
मारल गईलन
ओकरा कुछे
दिन पहिले, एगो
औरत अईली आ
यी ाु के पैर पर गमके
वाला इत्र डाल दिहली ।





उनकर चेला लोग शिकायत कईलन, “उ पैसा जियान करत बाडी।” यीशु कहलन, “इ बढिया काम कईले बाडी। ई हामारा दफनावे के दिन खातिर कईली ह।” केतना अद्‍भुत शब्द!

ओकरा बाद यीशु के बारहो चेला में से
एगो जेकर नाम यूदस रहे,
चांदी के ३० सिक्का
में सीशु के पकडवावे
खातिर तैयार
हो गईलन ।





यहूदी लोग के पास्का पर्व
के समय यीशु अपाना
चेला लोग के साथे अंतिम
भोजन कईलन । ईश्वर
उनकन लोग से ईश्वर आ
उनका से प्यार करेवाला
लोगन के प्रति
कईल गईल
वादा के बारे
में अद्भूत अद्भूत
बात बतवलन ।

तब यीशु रोटी आ दाखरस वाला कटोरा आपाना चेला लोग के दिहलन कि उ लोग भी ओह में से खा लेसु लोग ।





इ सब एह से कईल
गईल कि उनकन लोग
के याद दिलावल ता
सके कि यीशु के देह
आ लहू उनकन लोग
के पाप के क्षमा खातिर
दिहल गईल
रहे ।



तब यीशु आपाना मित्र लोग से कहलन
कि उनका के धोखा दिहल जाई आ उ
लोग भाग जईहन । “हम ना भागब,”
पीटर जोर देके कहलन । उह पर यीशु
कहलन “मुर्गा के
बांग देवे से
पहिले तु हमरा
के तीन बार
अस्वीकार
करब ।”





ओह राती, यीशु आपाना चेला लोग के साथे गेथसेमनी नामक बगीचा में दुआ करे खातिर गईलन । जव न चेला लोग उनका साथे रहलन सुत गईलन ।



यीशु इ बात की के दुआ कईलन, “हे हमार बाबु जी ! एह दंख के प्याला हमारा सोझा से हटा ली बाकि हमारा ईच्छा ना राउर ईच्छा पूरा हो ।”

युदस के नेतृत्व में लोगन के झुंड, अचानक ओह बगीचा में पहुँचल । यीशु ओह लाग के विरोध ना कईलन, बाकि पीटर एक जाना के कान काट दिहलन ।



चुपके से, यीशु छुअलन आ उनका कान के ठीक कर दिहलन । यीशु जानत रहलन कि उनकर गिरफ्तारी ईश्वर के योजना के एगो भाग रहल ।



भीड यीशु  के महायाजक के घर में लियवलन जा । उहां यीूदी नेता जाग कहलन कि यीशु के मरे चाही ।



ओहिजे नजदीक में पीटर नौकरन के बगल में खडा रहलन आ सब कुछ देखलन । तीन बार लोग पीटर के देखल आ कहल, “तुहु त यीशु के साथे रहल ।”



पीटर तीन बार एह बात से इंकार कईलन जैसे यीशु कहले रहलन कि तु करब । पीटर आपाना के श्राप दिहलन आ कसम खईलन ।



ओहीं घरीं
मुर्गा बांग
दिहलस । मुर्गा के
बांग पीटर खातीर
ईश्वर के आवाज
जईसन रहे । यीशु
के बात के याद करके
पीटर खुब रोअलें ।




यूदस के खूब अफसोस भईल ।
उ जानत रहलन कि यीशु
ना कवनो पाप के, अउर
नाही कवनो मडर के
दोषी रहलन ।



यूदस चाँदी के तीस
सिक्का यांजक लोग
के लौटावे ले गईल
बाकि उ लोग वापस
ना लिहलन जा ।



यूदस ओह पैसा के जमीन पर फेंक दिहलन, आ जाके फांसी लगा लिहलन ।



याजक लोग यीशु के रोम के राज्यपाल, पाइलट के पास ले गईलन । पाइलट कहलन, “हम त एह आदमी में कवनो दोष नईखी पवले ।”



बाकि उ भीड चिल्लात रह गईल, “इनका के कूस पर चढावल जाउ! इनका के कूस पर चढावल जाउ!”

अन्त में पाइलट लोगन के
जिद्द के आगे हार गईलन
आ यीशु के क्रूस पर मार
के आदेश सुनवलन ।
सिपाही लोग यीशु के
मुँह पर मुक्का से मरलन,
उनका मुँह पर थूकलन,
आ कोडा
से मरलन ।



उ लोग काँट वाली झाडी से ताज बना के उनका यिर पर रख के ओकर काँट उनका सिर में गडा दिहलन। तब उनका के मारे के नियत से लकडी के क्रूस पर कील से ठोंक दिहलन ।



यीशु शुरु से ही ानत रहलन कि उ ओही तरह मरीहें । उ इहो जानत रहलें कि उनकर मौत पापी लोगन के क्षमा दिलाई जे उनका में विश्वास करी ।



दूगो अपराधी भी उनका दूनो ओर कूस पर चढावल गईल रहलन जा । उनका लोग में से एगो उनका विश्वास कईलन आ स्वर्ग गईलन आ दूसरका ना गईलन ।



कुछ घन्टा दुख सहला
के बाद यीशु कहलन,
“सब कुछ खतम
हो गईल” आ
मर गईलन ।



उनकर काम पूरा हो गइल रहे । उनकर मित्र लोग उनका के एगो विशेष प्रकार के

निजी कब्र में दफना दिहलें ।



रोंमन सिपाही ओह कब्र के बढिया से बंद कर दिहलन आ पहरा बैठा दिहलन । अब ओह में कोई आ - जा ना सकत रहे ।



यदि एसही एह
कहानी के खतम
होखे के रहीत
त केतना दुख
के बात
रहीत ।



बाकि ईश्वर
बिल्कुल अद्भुत
काम कईलन ।
यीशु मरले
ना रह
गईलन !



सप्ताह के पहिला दिन तडके सुबह, यीशु के कुछ चेला लोग कब्र के पत्थर हटावल पवलें ।



जब लोग भीतर देखल, यीशु के देहभीतर ना रहल ।



एगो औरत ओहिजे रुक गईल रहली आ रोवत रहली । यीशु उनका के दिखलाई दिहलन ।



उ खुशीपूर्वक दौडत अईली, दूसर चेला लोग के बतावे खातीर । “यीशु जी गईल बाडन ! यीशु मौत से वापस आ गईल बाडन !”





तुरन्त यीशु आपना चेला लोग
के पास अईलन आ कील के निशान
वाला हाथ ओह लोग के दिखवलन ।
बात सच रहे । यीशु फिर से
जीवित हो गईल रहलन !



पीटर के माफ कर देले रहलन उनका के अस्वीकार करे खातीर, आ अपना चेला लोग के कहलन कि जा के हमरा बारे में सबका के बताव लोग । तब उ ओहिजे चल गईलन जहाँ से पहिला क्रिसमस के आईल रहलन ।

पहिला पुर्नरुत्थान पव

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती २६-२८, लुकस २२-२४, योहन १३-२१

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हुअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हुँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16